

# Depatman Edikasyon FLORIDA



Gerard Robinson  
Manm Komisyon Edikasyon

KONSÈY EDIKASYON ETA

KATHLEEN SHANAHAN,

Prezidan

ROBERTO MARTÍNEZ, Vis-

Prezidan

Manm yo

SALLY BRADSHAW

GARY CHARTRAND

DR. AKSHAY DESAI

BARBARA S. FEINGOLD

JOHN R. PADGET



Chè Paran oswa Responsab Legal,

Youn nan fason ki pi enpòtan nou kominike avèk lòt moun se nan ekri. Li enpòtan pou ekri byen kite nou nan lekòl oswa nan travay, kit w ap voye yon mesaj ba yon zanmi oswa kit w ap ekri yon rezime.

Pou ede prepare elèv ou pi byen pou kolèj ak karyè, Depatman Edikasyon Florida fè tranzisyon nan nouvo prensip ki fikse egzijans pou sa elèv yo bezwen aprann nan chak nivo klas ak nan plizyè matyè. Nouvo egzamen yo evalye pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip yo.

W ap jwenn relvednòt elèv ou pou Redaksyon FCAT li te fè nan prentan 2012 la, epi rezilta yo montre kèk chanjman nan fason pitit ou te resevwa nòt pou egzamen redaksyon. Te gen de (2) korektè ane sa a alaplas youn, epi yo te konsantre plis sou bon jan ponktiyasyon, òtograf, ak gramè, ak sou fason elèv ou te bay detay sipò nan redaksyon li te ekri a.

Paske nou te monte ba a pou redaksyon FCAT, nou te espere wè nòt yo vin pi piti. Men, lè premye nòt yo te kòmanse vini nan eta a, yo te piti anpil pase sa ki te prevwa. Nou te monte ba a. Nou te bay nòt yo avèk plis severite. Nou te konnen posiblite pou elèv nou yo te ekri redaksyon pa t chanje toudenkou.

Nan dat 15 me, Konsèy Edikasyon Eta a te apwouve chanjman prensip pou nivo pèfòmans nan redaksyon ki itilize pou nòt lekòl yo ant 4.0 ak 3.0 sou yon echèl 6 pwen pou kite tan pou revize rezilta yo ak pwosesis la. Sa te vle di tou pi piti nòt yo pa ta gen yon gwo konsekans sou nòt lekòl yo pou ane sa a.

Li enpòtan pou konprann Florida pa itilize nòt redaksyon pou pran desizyon pou janbe elèv yo nan lòt klas. Eta a itilize nòt la lè l ap kalkile nòt lekòl la. (Distri lekòl ou ka konsidere nòt redaksyon an nan yon nivo distri a. Ou kapab kontakte pwofesè oswa lekòl elèv ou pou wè si prensip sa a aplike nan distri ou.)

Ogmantasyon prensip edikasyonèl yo ak evalyasyon pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip sa yo se bagay ki bon pou fè. Li efikas. Chak fwa nou monte ba a nan Florida, apre nou bese li anvan, nòt yo ogmante.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Redaksyon FCAT la nan Entènèt sou sitwèb Depatman an nan <http://fcat.fldoe.org/fwinfo.asp>. Genyen tou yon nouvo sitwèb pou paran yo kote ou kapab anrejistre pou resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou (<http://www.floridapathtosuccess.org>).

Ak tout kè mwen,

A handwritten signature in cursive script that reads "Gerard Robinson".

Gerard Robinson